

Conto 1)

MASRAHKEUN CALON PANGANTEN PAMEGET

Bissmilahirohmanirohim,
Assalamualaikim Wr.Wb.

Minangka bubuka pisanggem, sim kuring nyanggakeun puji ka Gusti nu murbeng alam. Anu midamel sareng ngurus bumi langit katut sapangeusina. Ku sadaya widi ti Mantena, urang tiasa kumpul riung di dieu, enggonging nepangkeun sareng manjangkeun silaturohmi, antawis kulawargi ti Tasikmalaya sareng ti Parung Ponteng. Mugi baé ieu pajemuhan aya dina rido Gusti Nu Maha Suci.

Bapa miwah ibu **Sulanjana** sakalih, kitu deui wargi-wargi anu sami ngaluuhan ieu pajemuhan. Sim kuring sasanggem di dieu minangka wawakil pun lanceuk, nya éta bapa kalih ibu **H. Encar**, ti Tasikmalaya. Sim kuring dipasihan pancén kanggo masrahkeun putrana pun lanceuk, wasta pun **Agung Rakasiwi** Anu Insya Alloh moal lami deui baris didahupkeun ka putra bapa sareng ibu **Sulanjana** nami néng **Triane**. Kantenan ieu pancén téh kanggo sim kuring teu kinten abotna, rumaos pisan sim kuring tuna ku pangabisa. Sok rajeun sotéh aya nu ngahiras purah naktak mundak, kurad koréd sareng pucal pacul. Duri ayeuna bet kedah janten wawakil nyanggakeun pipanganténeun. Asa rémpan si kuring téh. Rémpan ku dua ku tilu, boh bilih ieu pancén henteu kaawanan ku sim kuring, boh bilih aya basa anu kirang merenah larapna. Nanging saparantos dipasihan kapercantenan anu sakitu ageungna ti pun lanceuk, asa awon kasebatna saupami ku sim kuring dimomorékeun. Nya badé lah-lahan we. Badé nyobi-nyobi étang étang lauk buruk milu mijah. Jalaran kitu neda sihapunten ti payun, bilih aya catur nu henteu kaukur aya basa nu teu karéka.

Bapa miwah ibu **Sulanjana** sakalih, pun lanceuk sawargi-wargi dongkap ka dieu téh aya nu dipimaksad, rupina ku bapa kalih ibu ge parantos kagalih. Namung teu aya lepatna saupami ku sim kuring didadarkeun langkung tandes. Janten kieu gek-gekanna mah:

Pun lanceuk téh gaduh budak, nuju meujeuhna belekesenteng, upami dipapandekeun kana hayam mah nuju jajangkar. Duka kumaha ngawitanana, éta pun alo téh sering ngaler ka Lembang. Meus-meus ngereles teu aya di rorompok, singhoréng téh aya nu dianjing cai. Lami-lami dugi ka wantun unggah. Tétéla pun alo téh tos kabandang ku mojang lenjang pencaran Lembang. Anu taya sanés tuang putra ku anjeun. Nya Néng **Triane** téa.

Dina manah pun lanceuk téh sumanding dua rasa, aya bingah aya rémpan. Duri bingahna nya éta gaduh budak lalaki téa, nu tos gaduh niat rarabi. Duri rémpanna boh bilih mojang anu dipikahoyong ku pun anak ninggang kana babasan lain bangban lain pacing lain campaka kuduna, lain babad lain tanding, lain ka dinya kuduna. Manjing pisan lebet kana paripaos piit ngeundeuk-ngeundeuk pasir jogjog neureuy buah loa, cileuncang mandé sagara. Margi tos kauninga ieu kulawargi pun lanceuk téh éstu bibit buit pilemburan, urang kampung bau lisung, ti rundayan bulu taneuh tukang bebelokan dina leutak. Moal badé disumput-sumput da tos nembrak.

Sok sanaos bari risi jeung rémpan, pun lanceuk téh lah-lahan, ngayakeun pamarékan ka kulawargi bapa **Sulanjana** sakalih, sawios disebat nahap-nahapkeun manéh ogé, da pamaksadan mah raraosan mah asa saé nya éta hoyong manjangkeun babarayaan ku cara ngaitkeun tali silaturohmi. Manawi bahan katampi.

Alhamdulilah, panampian ti bapa kalih ibu **Sulanjana** geuning sakieu saéna. Éta kasaéan téh kanggo pun lanceuk mah matak beurat nyuhun beurat nanggung beurat narimakéunana.

Jinisna nya éta pun **Agung** sareng Néng **Triane** parantos batu turun keusik naek, kitu deui sepuhna tumampi kalawan leah. Atuh teu kinten matak bingahna babadantenan

téh parantos jinek. Tos puguh bulé hideungna dua kulawargi seja manjangkeun tali silaturohmi. Nya éta ku jalan ngadahupkeun pun anak **Agung** sareng Néng **Triane**.

Bapa miwah ibu **Sulanjana** sakalih,

Ayeuna cunduk waktu datang mangsa babadantenan kapungkur téh seja dipaheutkeun dinten ieu pisan. Ku anu hadir di dieu ogé tangtos kasaksén, kumaha dadahutna bapa kalih ibu **Sulanjana** kango ngalaksanakeun jatukrami putrana. Uleman parantos sarumping, kitu deui bapa-bapa ti kantor urusan agama. Jalaran kitu sim kuring anu ngawakilan kulawargi pun lanceuk ti Tasikmalaya, seja masrahkeun pu alo anu wasta lengképna **Agung Rakasiwi** bin H. Encar, kanggo ditikahkeun ka Néng **Triane** binti **Sulanjana**. Pamugi bapa kalih ibu kersa nampi. Nyanggakeun pun alo badana sakujur buukna salambar, ambekanana sadami getihna satétés, nyanggakeun sagala rupi kakiranganana pamugi ku Bapa kalih Ibu ulah disaha-saha ditampi ku wening galih.

Taya lepatna ku sim kuring didugikeun ka bapa kalih ibu, leres pisan saupami pun alo ditingal tina warugana mah parantos harelung jangkung, namung jero-jerona mah masih seueur katunaan. Sepi harti tuna pangabisa. Janten masih kénéh bingbingeun. Upami dipapandekeun kana pacul mah pacul nembé bijil ti gosali. Doranna ruyung kawung anu masih kénéh kasar, teu acan ngambieu hampelas. Seseg ari sesegna mah mung duka raoseun henteuna. Mugi mugi ieu pacul téh mendak sawah anu lendo. Rupina téh keun baé sina teras-terasan macul, engké ogé hamo burung panen.

Bapa miwah ibu **Sulanjana** sakalih,

Pun **Agung** miwah ibu ramana kairing ku para wargi, ngahaja dongkap ka dieu. Namung punten baé, dongkapna kulawargi pun lanceuk sapiri umpi mung badé nyeshakeun. Teu jingjing teu bawa, teu rébo ku pangbékénjo. Komo bari dituturkeun ku nu nanggung dongdang sapuratina mah. Henteu, teu pisan. Sanés teu maksad, aya ari kagegelan mah ti pun alo. Hatur lumayan aya encit sacewir, étang-étang kanggo ngadamel carécét, parabotan kasar étang-étang ngago minuhan juru dapur, sareng lalab rumbah kénging ngundeur saaya-aya. Paralun, sanés badé ngahinakeun. Ieu mah kanggo tawis kabungah anu clik putih clak hérang. Medal tina ati nu wening, babahanan munga saya-aya pisan, kénging kempal-kempil ladang rik-rik gemi bélaan ngadua-duakeun huap. Pamigi baé Bapa kalih Ibu **Sulanjana** teu ningal tina jiad pangaos sareng rupina mangga nyanggakeun.

Sakitu nu kapihatur, bobor sapanon carang sapakan pamugi agung cukup lumur jembar hapuntena. Minangka pamungkas sim kuring ngadu'ka nu maha kawasa, mugamuga baé rumah tangga anu badé diwangun sing aya dina rido Alloh SWT. Sing lambat lambut, dugi ka paketrok iteuk. Atuh para sepuh kalih para wargi sadaya sing tiasa maparin tuladan anu saé. Amin.

Cag tunda di handeuleum hieum tunda di hanjuang siang paranti nyokot ninggalkeun. Wasalamualaikum Wr.Wb.

Conto 2)

Assalamu'alaikum wr.wb.

Alhamdulillah...hiladzi an'amana bi ni'matil iman wal Islam, wasolatu wasalamu ala sayidina Muhammadin kholirul anam, wa ala alih iwasohbihi wa tabi illa yaumil qiam. Ashadu ala ilaha ilAllah wa ashadu anna Muhammadarrasululloh. Allohuma sholi ala Muhammad wa ala ali Muhammad. Ama ba'du.

Ka Bapa (ngaran sahibulbet) miwah Ibu *sakalih*, nu tangtos nuju wening galih. Kum ka para tamu, diwuwuuh ku para sepuh sim kuring neda tawakup. Ka sugrining, para wargi sim kuring neda widi. Ka kadang mitra, para kanca jajaka miwah wanoja, sim kuring neda sihapuntenna. Réhna seja jabung tumalapung sabda tumapalang, mihatur saur midasta basa carita.

Sim kuring ngaleut-ngaleut ngabandaleut, ngembat-ngembat nyatang pinang, dongkap tur nyungsi ka ieu tempat, teu aya sanés seja masrahkeun pun alo, ti luhur susap rambut, ti handap sahibas dampal, getihna sakeclak, rambutna salambar, ambekanana sadami ka bapa miwah Ibu *sohibul makosid*.

Menggahing pun alo, upami seug ditingal tina jungkiring jirimna, jentul wujudna, jagrag raga badagna, manjing pisan kange disebat sawawana. Anamung dina leresan rengkak paripolah, tincak, kétak, tedak, tindak-tanduk, duduga miwah peryogana éstuning mudal ku kakirang, metet ku kasamporétan, pinuh ku katunaan. Éstuning sanés bobohongan anjeunna téh suwung ku pangaweruh, tuna ku pangabisa. *Ku margi kitu*, ka Bapa miwah Ibu tur ka sepuh-sepuhna Néng, mugia keresa ngawuwuh ku pangaweruh, nambihan ku atikan, malahmandar janten jalmi nu utami, anu terang kana ajén diri, turta nyaah ka nu janten istri. Atuh ka Ibu ramana tiasa bakti sareng getol ibadah ka Illahi Robbi. *Amin Ya Robbal Alamin*.

Upami tadi sim kuring ngaraos bingah miwah guligah, saleresna ngagedéng rasa hanjakal sareng hanjelu. Menggahing anu janten kahanjakalan sareng kahanjeluan téh teu aya sanés.....réhna sim kuring sareng rombongan ti dongkap ka ieu tempat téh mung ukur nyumponan ngaleut-ngaleut ngabandaleut, ngembat-ngembat nyatang pinang wungkul. Da ari nu dibantun mah.... upami téa mah aya...mung nambihan kaisin baé. Teu jingjing teu bawa, teu rebo ku pangbebénjo, sok sanaos kitu sim kuring yakin yén sanés éta nu janten udagan poko. Teu jingjing teu bawa, namung sim kuring gedé haté margi tangtos sanés éta nu jadi udagan nu utama. Dina sarwa kakirangan ieu, sakali deui sim kuring nyanggakeun pun alo, mugi ditampi kalayan kajembaran manah Bapa miwah Ibu sakalih.

Ibu-Ibu miwah Bapa sadaya, danget ieu sim kuring umajak miwah cumeluk. Hadirin wal hadirot, mangga urang sami-sami munajat ka Allah swt, malahmandar ieu anu badé ngawelah bahtera rumah tangga, dina enggonging ngawujudkeun rumah tanggana mugia sing reugreug sing pageuh, palias ulah deuk *ayeuh*. Sing reugreug sing pageuh, palias ulah deuk *eunyeuh*. *Sing rohaka, sing jugala, sing digjaya, sing waluya, palias papakalesa, palias binasa, palias keuna ku réka perdaya manusa*. Mugi-mugi salamina aya dina panangtayungan Allah swt.

Mugi-mugi aranjeunna tiasa silih asih, silih asah, silih asuh. Ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salebak dina enggonging ngawujudkeun rumah tanggana nu *sakinah, marhamah, mawadah wa rohmah*.

Salajéngna, para bapa miwah para ibu, hadirin wal hadirot, sim kuring seja ngahaturkeun séwu nuhun kana sagala panampian *sohibul bait* anu kalintang utamina, anu

karaos pisan. Dupi nu janten buktosna, katingal tina pameunteu anu marahmay, amis budi....aya ku ni'mat karaosna. Bujeng-bujeng disuguhan, teu disuguhan ogé asal disarengan ku budi nu marahmay mah... da ni'mat karaosna.

Sawangsulna sakumaha saé ogé pangangkenna ari nu kagungan bumina, haseum budi, camberut baketut mah, **pait**...cai nu amis ogé, karaosna téh.

Kana kasaéan Bapa miwah Ibu sareng wargi-wargi, katampi ku asta kalih, kasuhun ka lingga murda. Teu diteundeun di handap-handap, namung di luhur dina embun-embunan sarta dilahun dina pangkonan. Mugia baé ieu pertikahan Cép....ka Néng....sing mangrupi pertikahan anu munggaran kalayan ogé mangrupi pertikahan anu pamungkas. Mung malakal maot nu tiasa misahkeun aranjeunna. Amin Ya Robbal alamin.

*"Robbana atina fi dunya hasanah wa fil akhiroti hasanah wa kinna adza ban'nar.
Subhana robbika robbilidzati ama ya'sifun wa salamu ala mursalin walhamdulillah hirobbil
a'lamin."*

Bobor sapanon carang sapakan. Enggongin sim kuring medar tur ngaguar naon anu nyangkaruk dina kalbu anu sumanding dina panggalih nu wening Bapa....(ngaran kolot pangantén lalaki). Hapunten anu kasuhun..

"Billahi fi sabil haq." Wasalamu alaikum wr. wb.